

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun tradisi babarit, struktur tradisi babarit, unsur sémiotik dina tradisi babarit, sarta larapna hasil panalungtikan tradisi babarit pikeun salah sahiji alternatif bahan ajar dina pangajaran maca artikel di SMA. Téori nu digunakeun pikeun medar unsur tradisi babarit nya éta sémiotika Peirce. Hasil panalungtikan tradisi babarit dicindekkeun dina pedaran di handap.

Tradisi babarit mangrupa adat istiadat anu dilaksanakeun ku masarakat di Kampung Cibenda. Tujuan diayakeunana ieu tradisi téh pikeun salametan lembur sangkan dijauhkeun tina gangguan maung. Ieu tradisi dilaksanakeunana sataun sakali nya éta dina ping 25 bulan Sapar (taun Hijriyah) nu tempatna di leuweung Curug Anta. Palaku nu ngalaksanakeun ieu tradisi téh nya éta sabagian masarakat Cibenda, Panonoban, Sukagalih, jeung Pasir Gombang.

Tradisi babarit mibanda dua fungsi, nya éta fungsi spiritual jeung fungsi sosial luyu jeung nu ditataan ieu. *Kahiji*, tradisi babarit salaku kagiatan sukuran sarta ménta panangtayungan Nu Maha Kawasa tina sagala gangguan. *Kadua*, tradisi babarit salaku kagiatan silaturahmi masarakat nu aya di Kampung Cibenda, Panonoban, Sukagalih, jeung Pasir Gombang. *Katilu*, tradisi babarit patali jeung rasa hormat ka arwah-arwah para karuhun nu disambat waktu méré hadiah dina lumangsungna prak-prakan babarit. *Kaopat*, tradisi babarit nu aya nepi ka kiwari téh dina raraga ngajalankeun papatah ti karuhun. *Kalima*, tradisi babarit téh sarana pikeun numuwuhkeun sikep tanggung jawab.

Prak-prakan tradisi babarit kabagi tilu, nya éta prak-prakan saméméh, prak-prakan waktu lumangsungna, jeung prak-prakan sabada babarit. Prak-prakan saméméh babarit biasana dilaksanakeun ti minggu kahiji bulan Sapar nepi ka wanci isuk-isuk dina poé lumangsungna babarit nya éta 1) ngétang dinten, 2) badanten, 3) beware, 4) ngasakan kadaharan, jeung 5) miang ka Curug Anta. Prak-prakan lumangsungna tradisi babarit dimimitian ti jam 16.00 WIB nepi ka jam 17.45 WIB nu tempatna di leuweung Curug Anta. Kagiatan nu dilaksanakeun

nya éta 1) nyieun gagawar jeung ancak, 2) nyuguhan kupat, 3) nyeungeut obor, 4) meuleum menyan, 5) maca mantra jeung méré hadiah, jeung 6) macakeun du'a salamet. Prak-prakan sabada babarit nya éta neundeun kupat dina panto imah.

Dumasar unsur sémiotika Peirce, matéri nu aya dina tradisi babarit aya nu mangrupa ikon, indéks, jeung simbul. Simbul nu nyangkaruk dina tradisi babarit aya sabelas nya éta iket, kupat salamet, kupat tangtang angin, kupat gondét, kupat keupeul, kupat halu, menyan, endog, bubur beureum, bubur bodas, jeung congcot. Indéks nu kapanggih dina tradisi babarit aya lima, nya éta tradisi babarit, leuweung Curug Anta, maca mantra jeung méré hadiah, maca du'a salamet, jeung haseup. Ikon nu kapanggih dina tradisi babarit aya dalapan, nya éta sesepuh babarit, gagawar, ancak, obor, dawegan, cai kopi, rurujakan, jeung tapas kalapa.

Hasil panalungtikan tradisi babarit nu mangrupa artikel nu judulna “Tradisi Babarit”, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar dina pangajaran maca artikel di SMA. Ieu artikel bisa dijadikeun bahan ajar ku sabab bisa ngarojong kagiatan diajar-ngajar sarta wangunna bisa diobservasi, dianalisis, sarta ditulis sacara taliti dumasar kriteria bahan ajar.

5.2 Saran

Saran atawa pangdeudeul mangrupa salah sahiji aspék nu penting pikeun ngadeudeulan sagala kakurangan nu patali jeung panalungtikan. Saran ti nu nyusun di antarana pikeun pihak-pihak nu ditataan di handap.

1) Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Kabupatén Ciamis

Tradisi babarit nu aya di Kampung Cibenda, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis mangrupa salah sahiji asét budaya nu aya di Kabupatén Ciamis. Disdikbud salaku pihak nu patali jeung widang kabudayaan, kudu leuwih ngarojong jeung nanjeurkeun budaya nu aya di unggal wewengkon, hususna budaya di Kabupatén Ciamis.

2) **Lembaga Pendidikan**

Hasil panalungtikan ulikan struktural semiotik dina tradisi babarit di Kampung Cibenda, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar dina pangajaran maca artikel. Matéri artikel nu dimaksud ngawujud dina silabus matéri ajar artikel di SMA Kelas XII.

3) **Budayawan**

Budayawan mangrupa salah sahiji pihak nu miboga jasa dina widang kabudayaan. Ku ayana data ngeunaan tradisi babarit, budayawan beuki sumanget pikeun maluruh tradisi-tradisi nu can kaguar hususna nu aya di Tatar Sunda pikeun dijadikeun data budaya.

4) **Masarakat**

Hasil panalungtikan ulikan struktural semiotik dina tradisi babarit di Kampung Cibenda, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis bisa ngeuyeuban pangaweruh masarakat ngeunaan tradisi di Tatar Sunda. Saran pikeun masarakat nya éta kudu leuwih maliré jeung ngajaga ajén-ajén nu nyangkaruk dina tradisi, sanajan sok aya anggapan tali paranti karuhun geus teu luyu jeung jaman. Sahenteuna, ajén-ajén luhung nu nyangkaruk dina tradisi téh dijadikeun padoman hirup sangkan hirup salamet tur tingtrim.

5) **Siswa**

Hasil panalungtikan ulikan struktural semiotik dina tradisi babarit di Kampung Cibenda, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis dipiharep bisa numuwuhkeun kareueus siswa yén Tatar Sunda téh leubeut ku budayana. Salah sahiji carana ngaliwatan maca artikel budaya.